



Chè Paran/Responsab Legal,

Bibliyotèk Piblik New York la ap envite w ansanm ak fanmi w pou vin patisipe nan nouvo pwogram Aprantisaj Dete nou an, **Imajine Ansanm (Imagine Together)**. Ete sa a, nou pral eksplòre epi nou pral dekouvri tout sa ki genyen nan monn nou an: fanmi ak zanmi nou, vwazen nou, kominote nou fè pati ladann nan, vil nou an, ak anpil lòt bagay. Wòl bibliyotèk la se pou l sipòte ni oumenm ni pitit ou yo kounyeya e pandan tout ane a, epi pandan timoun yo ap fè lekti, ap fè aprantisaj epi ap amize yo. Timoun yo viv eksperyans kote te vin gen gwo deranjman nan aprantisaj nòmal yo pandan plis pase yon lane, alòs plis ke jamè, li vin pi vital pou yo kontinye devlope aptid yo kòm sadwa pandan ete sa a. Ansanm, nou ka ede timoun yo prepare pou ane akademik kap vini an pandan yap rekonekte ak kominote yo. Al vizite sant Aprantisaj Dete (Summer Learning) nou an: [NYPL.org/summer](https://www.nypl.org/summer)



Fè Lekti. Nou ankouraje timoun yo fè lekti **pandan omwen 20 minit pa jou pandan ete sa a**. Itilize èd pou lekti yo mete la a—oswa al gade sou pòtay lekti nou an sou entènèt—pou ka anrejistre liv ou li yo epi pou evalye lekti w fè yo. Epi pa bliye ke tout lekti konte—depi sou liv nòmal ak liv odyo rive sou liv tikomik ak manga!



Aprann. Lè w fè lekti, se yon bon fason pou aprann—sepandan Bibliyotèk la gen anpil lòt fason pou aprann tou! Pase nan sikisal ki bò lakay ou a pou pran yon **kit aktivite pou ale lakay ou**. Epi apatide 27 jen, timoun yo ka antre nan **Kan Dete Vityèl** nou an—sis semèn aktivite amizan sou entènèt pou timoun tout laj! (nan lang Anglè)



Amize Nou! Bibliyotèk la ofri anpil resous ki pou estimile imajinasyon pitit ou yo pandan ete sa a. Dekouvri pwogram dete gratis nou an kap eksplòre lemonn ozalantou nou. Pa bliye antre nan konkou redaksyon anyèl dete nou an! Gen anpil fason pou nou **Imajine Ansanm (Imagine Together)**.

Nou la pou nou ede w ansanm ak timoun yo pandan tout ete a—epi apres a. Pran kat bibliyotèk ou oswa reklame yon nouvo kat jodiya epi al dekouvri tout sa Bibliyotèk la gen pou l ofri. Kisa w pral dekouvri?

Nou espere wap pase yon bon ete!

Bibliyotèk Piblik New York

NOTE BYEN Nan pwogram kap fèt ane sa a, se avèk anpil fyète ke nou pral prezante travay gran desinatè liv timoun yo, **Christian Robinson**, ki te ba nou pèmasyon espesyal pou nou prezante atizay ki gen nan liv li yo *You Matter* (NYPL idantifye liv sa a kòm Meyè Liv Timoun pou lane 2020!), *Another*, ak *Last Stop on Market Street*. Rete branche pou pwogramasyon espesyal kap prezante Robinson ak travay li!